ku fàtte ne dafa woor, daal di lekk walla mu naan, na mottali wooram, ndax Yàlla moo ko leel moo ko mànnal

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne : Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «ku fàtte ne dafa woor, daal di lekk walla mu naan, na mottali wooram, ndax Yàlla moo ko leel moo ko mànnal».
[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yonente bi day leeral ne ku lekk walla mu naan fekk dafa fàtte ne daa woor kooru farata walla naafila na mottali wooram te bu mu dog; ndaxte jubluwul a dog, waaye moom wërsëg wu ko Yàlla wommatal jëme ko ci moom la ngir leel ko mànnal ko.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/4525